

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1. Lokasi jeung Sumber Panalungtikan**

##### **3.1.1. Lokasi Panalungtikan**

Lokasi anu dijadikeun pikeun tempat panalungtikan upacara tradisi guar bumi nya éta pernahna di Blok Kampék Désa Salawana. Éta désa téh kaasup ka wewengkon Kacamatan Dawuan kabupatén Majalénka. Anapon déskripsi kaayaan di éta désa bisa katitén ieu di handap.

##### **3.1.1.1 Déskripsi Kaayaan Géografis Désa Salawana**

Désa Salawana ngawengku 25 RT jeung 7 RW, sedengkeun di Blok Kampékna miboga 6 RT. Anapon wates Désa Salawana nya éta:

- Di Beulah kulon ngawates jeung Désa Karanganyar
- Di Beulah kalér ngawates jeung Désa Cibogor
- Di Beulah wétan ngawates jeung Désa Jatisura
- Di Beulah kidul ngawates jeung Désa Jatiwangi

Éta wilayah Désa Salawana sacara géografis aya dina 25 m tina beungeut laut (*dpl*). Bentuk wilayahna aya dina kemiringan  $< 5\%$ . Wilayah Désa Salawana miboga curah hujan antara 1945 mm – 3140 mm, nu jumlah poé hujanna bisa dirata-ratakeun 168 poé. Suhu rata-rata unggal poéna di ieu wilayah nya éta 36 C. Jenis taneuhna andisol nu kasuburan taneuhna sedeng, PH taneuh antara 5,5 – 6,5, tekstur taneuhna lempung aya keusikan.

Désa Salawana aya di wewengkon Kabupatén Majalengka bagian kalér. Éta wewengkon téh kaasup wilayah dataran rendah upama dibandingkeun jeung wilayah séjén kiduleunana. Jarak ti Kabupatén Majalengka ka Salawana 19 km. Lega Désa Salawana nya éta 238,458 ha, ngawengku 190,030 ha sawah, 17,795 ha dipaké wangunan imah penduduk, jeung sésana 30,633 mangrupa taneuh pikeun fasilitas umum saperti désa, lapang, kantor pamaréntah, jsb.

### 3.1.1.2. Sosial Budaya

#### a. Penduduk

Dumasar kana data nu aya di Désa Salawana taun 2009, jumlah penduduk ieu désa téh nya éta 3387 jiwa, nu ngawengku 1701 lalaki jeung 1686 awéwé. Kaayaan jumlah penduduk dumasar kana jenis kelamin bisa katitén dina tabel 3.1.

Tabel 3.1. Kaayaan Penduduk Dumasar Jenis Kelamin

No.	Desa	KK	Jenis Kelamin			Ket
			Lalaki	Awéwé	Jumlah	
1.	Salawana	1684	1701	1686	3387	
	Jumlah	1684	1701	1686	3387	

Sumber : Buku Poténsi Désa Salawana 2012

Lian ti éta ogé, pikeun mikanyaho wincikan jumlah penduduk dumasar kana klasifikasi umur bisa katitén dina tabel 3.2.

Tabel 3.2. Penduduk Dumasar Klasifikasi Umur

No.	Kelompok Umur	Jumlah Penduduk			Ket
		Lalaki	Awéwé	Jumlah	
1.	0 – 5	121	147	268	
2.	6 – 10	131	143	274	
3.	11 – 15	165	141	306	
4.	16 -20	90	147	237	
5.	21 – 25	110	143	253	
6.	26 – 30	116	144	260	
7.	31 – 35	120	141	261	
8.	36 – 40	115	148	263	
9.	41 – 45	145	120	265	
10.	46 – 50	139	120	259	
11.	51 – 55	147	119	266	
12.	≥ 56	302	173	475	
	Jumlah	1701	1686	3387	

Euis Nur Amalia, 2013

SIMBOL-SIMBOL DINA UPACARA G GUAR BUMI DI BLOK KAMPÉK DÉSA SALAWANA KACAMATAN DAWUAN KABUPATEN MAJALENGKA PIKEGGGGHHHUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sumber : Buku Potensi Désa Salawana 2012

### b. Pakasaban

Masyarakat Salawana nu jumlahna aya 3387 jiwa téh, pakasabanana réréana kana tani. Lian ti éta, aya ogé nu kasab di séktor industri, séktor jasa, PNS/ABRI/TNI, dagang, pamong désa, jsb. Anapon wincikanana katitén dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.3. Jumlah Penduduk Dumasar Pakasaban

No.	Pakasaban	Jumlah	Ket
1.	Séktor Pertanian	1080	
2.	Séktor Industri	466	
3.	Séktor Jasa	419	
4.	PNS/ABRI/TNI	74	
5.	séktor Perdagangan	10	
6.	Pamong Désa	9	
7.	Buruh Tani	652	
8.	Pensiun	19	
9.	Lain-lain	539	

Sumber : Data Poténsi Désa Salawana Tahun 2012

### c. Atikan

Nilik kana widang atikan, masyarakat Désa Salawana bisa kawilang dina tingkatan anu sedeng. Éta hal katitén tina data nu aya di désa, yén masyarakat Salawana lolobana neruskeun ka SMP jeung SMA, malah aya sababaraha urang nu neruskeun nepi ka perguruan tinggi.

Upama nilik kana sarana pendidikan di ieu désa bisa kaliwang tinggalaeun. Éta hal katitén di Désa Salawana ngan aya hiji Sakola Dasar jeung hiji PAUD/TK. Tabélina saperti ieu di handap:

Tabél 3.4. Jumlah Penduduk Dumasar kana Atikan

No.	Tingkat Atikan	Jumlah	Ket
1.	Nu can sakola	261	

Euis Nur Amalia, 2013

SIMBOL-SIMBOL DINA UPACARA G GUAR BUMI DI BLOK KAMPÉK DÉSA SALAWANA KACAMATAN DAWUAN KABUPATEN MAJALENGKA PIKEGGGGHHHUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2.	Teu tamat sakola	6	
3.	Tamat SD	1944	
4.	Teu tamat SD	41	
5.	Tamat SMP	624	
6.	Teu tamat SMP	5	
7.	Tamat SMA	338	
8.	Teu tamat SMA	-	
9.	Tamat Perguruan Tinggi	95	

Sumber : Data Poténsi Désa Salawana Taun 2012

#### d. Agama jeung Kapercayaan

Sakabéh masarakat Salawana ngagem agama Islam. Éta hal katitén yén tina 3387 wargana taya saurang gé nu non-muslim. Kagiatan kaislaman nu aya di éta désa, antarana aya kagiatan pangajian rutin ibu-ibu tiap mingguna, unggal poé barudakna sabada sakola sok ngiluan sakola madrasah, sarta sabada magrib barudak sok aya nu ngaraji. Pikeun ngarojong éta kagiatan, di éta désa geus aya dua masjid, jeung hiji madrasah.

#### e. Basa

Masarakat Salawana dina kahirupan sapopoéna ngagunakeun basa Sunda. Basa Sunda nu digunakeun kaasup basa Sunda loma kasar, malah aya nu nyebut yén basa nu digunakeun ku masarakat Salawana téh nya éta Jawaréh (Jawa sawaréh). Éta hal katitén tina kaayaan daérah nu méh watesan jeung daérah Indramayu sarta Cirebon. Salian ti éta ogé, dumasar kana data désa yén masarakat Salawana miboga dua suku/étnis nya éta sabagian loba asli suku Sunda jeung aya sababaraha urang nu suku Jawa.

Jadi dumasar katerang diluhur, di éta daérah miboga dua basa nya éta basa Sunda jeung basa Jawa. Tapi salian ti dua basa éta, sakapeng masarakat Salawana sok aya nu ngagunakeun basa Indonésia salaku basa panganter nya éta nalika dina ngalakukeun komunikasi aya salah sahiji masarakat aya nu teu ngarti bisa dijenétrékeun ku basa Indonésia.

Euis Nur Amalia, 2013

SIMBOL-SIMBOL DINA UPACARA G GUAR BUMI DI BLOK KAMPÉK DÉSA SALAWANA KACAMATAN DAWUAN KABUPATEN MAJALENGKA PIKEGGGGHHHUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

#### **f. Sistem Kekerabatan**

Luyu jeung kahirupan masarakat tradisional séjénna, di ieu désa sok sanajan masarakatna miboga dua suku nu béda nya éta suku Sunda jeung Jawa, tapi dina kahirupan sapopoéna mah éta masarakat téh hirup sauyunan (harmonis), teu silih bédakeun, sarta silih ajénan. Kaayaan nu saperti kitu téh dirojong ku ayana kagiatan-kagiatan nu sifatna babarengan di éta désa, saperti masih ayana gotongroyong nu dilakukeun ku masarakatna di unggal RT nu ngagambarkeun hirup sauyunan papada masarakatna. Lian ti kagiatan éta, upama aya masarakat séjén nu boga gawé/hajatan, nu kapapaténan, musibah, jalma gering, jeung sajabana, masarakat di éta désa silih bantuan. Salasahiji contona, katitén nalika diayakeunna hajat guar bumi, ti mimiti tatahar nepi ka bérés masarakatna kompak silih bantuan atawa gawé bareng sangkan lumangsung kalayan lancar.

#### **g. Sistem Organisasi Sosial**

Sistem pamaréntahan di Désa Salawana teu jauh béda jeung sistem pameréntahan anu digunakeun di Désa séjénna. Pikeun ngarojong kana kamekaran Désa, aya sababaraha organisasi pamaréntahan nya éta aya 7 RW/dusun, aya 25 RT, aya 9 urang Badan Perwakilan Désa. Sedengkeun di Blok Kampékna ngawengku 6 RT.

Lian ti ayana organisasi pamaréntahan, di éta désa gé aya organisasi kamasarakatanana. Organisasi kamasarakatan nu aya di éta Désa nya éta PKK nu jumlah anggotana 47 urang, Organisasi Karang Taruna nu jumlah anggotana 65 urang, jeung LPM nu anggotana 14 urang.

#### **h. Sistem Téhnologi jeung Pakakas**

Sistem téhnologi nu digunakeun ku masarakat di éta désa bisa kawilang geus modéren. Éta hal katitén dina kahirupan sapopoé masarakatna geus bisa nyaluyukeun jeung kamekaran jaman. Saperti halna dina pakéan nu digunakeun sapopoé ku masarakat di éta désa geus teu ngagunakeun pakéan tradisional saperti kabaya jeung pangsi. Pakakas nu digunakeun gé geus ngagunakeun pakakas modern, saperti kompor gas, tv, hp, kendaraan (motor, mobil, sapéda), komputer,

jsb. kitu deui dina widang pertanian, masarakatna geus teu ngagunakeun deui tanaga sato pikeun molah sawah téh tapi ayeuna mah geus ngagunakeun traktor.

### **3.1.2. Sumber Data Panalungtikan**

Data anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta ngeunaan data nu aya patalina jeung upacara guar bumi. Sedengkeun nu dimaksud sumber dina ieu panalungtikan nya éta sumber (informan) pikeun nyangking data atawa informasi téa. Sumber dina ieu panalungtikan nya éta ditangtukeun dumasar kana tempat lumangsungna upacara tradisi guar bumi nya éta di Désa Salawana Blok Kampék. Anapon sumberna nya éta sesepuh désa Salawana, pamong désa, pihak-pihak anu kalibet dina upacara tradisi guar bumi, sarta masarakat anu apal kana upacara tradisi guar bumi.

## **3.2. Métode, jeung Desain Panalungtikan**

### **3.2.1. Métode Panalungtikan**

Numutkeun Fathoni (2011:99), métode panalungtikan ilmiah nya éta cara anu digunakeun dina ngalakukeun hiji panalungtikan. Sedengkeun sacara umum numutkeun Sugiyono (2012:3) métode panalungtikan dihartikeun salaku cara ilmiah pikeun nimukeun data nu miboga tujuan jeung aya guna nu tangtu.

Jadi bisa dicindekkeun yén métode panalungtikan nya éta mangrupa cara anu digunakeun panalungtik pikeun nimukeun data atawa informasi ngeunaan hiji hal nu rék ditalungtik sacara ilmiah.

Dina ieu panalungtikan, métode anu digunakeun nya éta métode déskriptif. Métode déskriptif mangrupa cara pikeun nimukeun data jeung informasi anu bisa karasa langsung ku pancra indra nalika lumangsungna panalungtikan. Ieu métode miboga tujuan pikeun méré gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta sarta sipat-sipat populasi atawa daérah nu aya patalina jeung kagiatan panalungtikan (Suyatna, 2002:14).

### **3.2.2. Desain Panalungtikan**

Euis Nur Amalia, 2013

SIMBOL-SIMBOL DINA UPACARA G GUAR BUMI DI BLOK KAMPÉK DÉSA SALAWANA KACAMATAN DAWUAN KABUPATEN MAJALENGKA PIKEGGGGHHHUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina ngalakukeun hiji panalungtikan, tangtu panalungtik kudu nataharkeun sagala anu dibutuhkeun dina prosés panalungtikan sangkan lumangsung kalawan lancar. Ku kituna, dina ngalakukeun panalungtikan diperlukeun hiji desain sangkan dina ngalakukeun panalungtikan lumangsung sacara sistematis sarta aya cecekelan.

Desain panalungtikan téh nya éta mangrupa gambaran ngeunaan raraga panalungtikan. Anapon desain panalungtikan anu digunakeun nya éta:

### **Désain Panalungtikan**

#### Ngaidéntifikasi Masalah :

- Kasang tukang masalah
- Ngarumuskeun masalah
- Tujuan jeung mangpaat panalungtikan

#### Ngumpulkeun Data:

- Study pustaka
- Observasi
- Ngalakukeun wawancara
- Dokuméntasi

#### Ngolah Data :

- Ngadéskripsikeun data
- Analisis simbol-simbol nu nyangkaruk dina guar bumi
- Analisis ma'na tina simbol-simbol nu nyangkaruk dina guar bumi
- Ngaimplikasikeun kana bahan pangajaran
- Nyusun silabus jeung RPP dumasar SK-KD

Euis Nur Amalia, 2013

SIMBOL-SIMBOL DINA UPACARA G GUAR BUMI DI BLOK KAMPÉK DÉSA SALAWANA KACAMATAN DAWUAN KABUPATEN MAJALENGKA PIKEGGGGHHHUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kacindekan

### 3.3. Wangenan Operasional

Judul ieu panalungtikan nya éta *Simbol-Simbol dina Upacara Tradisi Guar Bumi di Blok Kampék Désa Salawana Kacamatan Dawuan Kabupatén Majalengka*.

Sangkan aya gambaran tina éta judul, perlu dijéntrékeun wangenan-wangenan istilah anu digunakeun, nya éta:

- 1) Simbol, nya éta pananda anu geus umum digunakeun ku masarakat. Simbol dina ieu panalungtikan nya éta tanda nu nyangkaruk dina upacara tradisi guar bumi.
- 2) Upacara tradisi guar bumi, nya éta hiji paripolah nu geus biasa dilaksanakeun ku masarakat hususna masarakat Désa Salawana dumasar kana aturan adat karuhun, nu miboga maksud salaku kapercayaan pikeun mapag datangna usum hujan jeung ngamimitian ngolah sawah.
- 3) Bahan pangajaran maca, nya éta matéri nu rék ditepikeun ka siswa pikeun ngahontal tujuan pangajaran ku cara maca hiji tulisan nu geus ditangtukeun saméméhna ku guru.

### 3.4. Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat anu digunakeun dina panalungtikan pikeun nyangking data nu keur ditalungtik. Anapon instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kaméra video, kamera foto, recorder, jeung pedoman wawancara.

#### 3.4.1. Kaméra Video Hp

Kaméra video mangrupa alat anu digunakeun pikeun ngarékam gambar lumangsungna upacara tradisi guar bumi.

#### 3.4.2. Kaméra Foto



Kaméra foto mangrupa alat pikeun ngadokuméntasikeun hal-hal nu aya patalina jeung upacara guar bumi hususna ngeunaan simbol-simbol dina upacara ku cara dipotret.

### 3.4.3. Recorder

Ieu alat digunakeun pikeun ngarékam info ti narasumber nu diwawancara. Jadi panalungtik teu kudu nyalin atawa nulis waktu ngawawancara naon anu ditepikeun ku narasumber.

### 3.4.4. Pedoman Wawancara

Sangkan dina prakna wawancara bisa lumangsung kalayan lancar, ku kituna perlu ayana padoman pikeun nungtun ka panalungtik dina ngalakukeun wawancara jeung narasumber. Anapon padoman wawancara dina ieu panalungtikan nya éta:

#### I. Data Narasumber

Jenengan :  
 Yuswa :  
 Atikan :  
 Pakasaban :

#### II. Daptar Patalékan

1. Naon maksud tina upacara tradisi guar bumi ?
2. Naon tujuan tina ngalaksanakeun upacara tradisi guar bumi?
3. Iraha waktu dilaksanakeun guar bumi, naha aya itungan nu pasti dina nangtukeun upacara tradisi guar bumi?
4. Dimana tempat pikeun lumangsungna upacara tradisi guar bumi?
5. Naha pangna diayakeun guar bumi, kumaha sajarahna?
6. Kumaha prak-prakan upacara tradisi guar bumi?
7. Aya simbol naon waé dina guar bumi?
8. Aya ma'na naon waé dina éta simbol-simbol?
9. Naha aya bédana guar bumi dina mangsa kiwari jeung jaman baheula?
10. Kumaha pangna saumpama ieu tradisi teu dilakonan?

Euis Nur Amalia, 2013

SIMBOL-SIMBOL DINA UPACARA G GUAR BUMI DI BLOK KAMPÉK DÉSA SALAWANA KACAMATAN DAWUAN KABUPATEN MAJALENGKA PIKEGGGGHHHUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.5. Téhnik Ngumpulkeun Data

Numutkeun Suyatna (2002:18), téhnik panalungtikan nya éta mangrupa salasahiji tarékah atawa cara nu kudu dilakukeun dina métode nu tangtu, sangkan tujuan anu dituju dina hiji panalungtikan bisa kahontal. Anapon téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

#### 1) Téhnik Study Pustaka

Téhnik Study pustaka mangrupa cara pikeun nyangking tiori-tiori anu aya patalina jeung hal anu keur ditalungtik. Dina ieu talaah diperlukeun babanding atawa cecekelan dina ngalakukeun panalungtikan. Ieu study pustaka bisa dilakukeun ku cara ngumpulkeun data-data nu sumberna ti perpustakaan nu mangrupa buku-buku, dokumén-dokumén, jeung sajabana pikeun dijadikeun pangdeudeul dina nyusun laporan.

Aya tilu kritéria dina study pustaka (Sugiyono, 2012:398), nya éta *relevansi* (tiori nu digunakeun saluyu jeung masalah nu keur ditalungtik), *kemutakhiran* (tiori atawa référénsi anu digunakeun nya éta nu masih anyar), jeung kaaslian (sumber nu asli).

#### 2) Téhnik Obsérvasi

Téhnik Obsérvasi nya éta panalungtikan anu dilakukeun sacara langsung kana naon-naon anu katempo jeung karasa ku panca indra di lapangan (tempat lumangsungna panalungtikan). Dina ngalakukeun obsérvasi tangtuna kudu aya objékna. Objék obsérvasi (Sugiyono, 2012:314) nya éta:

- a) *Place*, tempat lumangsungna kagiatan interaksi sosial.
- b) *Actor*, palaku atawa jalma-jalma nu miboga peran nu tangtu.
- c) *Activity*, kagiatan nu dilakukeun ku palaku dina kaayaan sosial nu keur lumangsung.

Dumasar kana objék observasi, ieu panalungtikan ogé jelas objékna, nya éta tempatna di Désa Salawana Blok Kampék, palakuna nya éta sakumna pihak nu kalibet dina upacara guar bumi, jeung kagiatan nu ditalungtikna nya éta kagiatan upacara guar bumi. Lian ti éta, ogé ieu obsérvasi dilakukeun téh pikeun nyangking data ngeunaan simbol-simbol nu aya dina upacara guar bumi.

Euis Nur Amalia, 2013

SIMBOL-SIMBOL DINA UPACARA G GUAR BUMI DI BLOK KAMPÉK DÉSA SALAWANA KACAMATAN DAWUAN KABUPATEN MAJALENGKA PIKEGGGGHHHUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3) Téhnik Wawancara

Téhnik Wawancara mangrupa cara pikeun nyangking data sacara lengkep. Wawancara anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta wawancara semiterstruktur. Dina lumangsungna ieu wawancara dilakukeun sacara leuwih bébas upama dibandingkeun jeung wawancara terstruktur. Tujuan dilakukeunna ieu wawancara nya éta sangkan bisa nimukeun data atawa informasi anu leuwih jero deui sarta narasumber bisa dipénta sawangan jeung ide-idenana.

### 4) Téhnik Dokuméntasi

Téhnik Dokuméntasi mangrupa catetan tina kajadian anu geus lumangsung. Ku sabab kitu, dina ieu panalungtikan perlu ayana dokuméntasi pikeun ngarojong kana hal-hal anu ditaluntik. Anapon dokuméntasi dina ieu panalungtikan nya éta mangrupa dokuméntasi foto atawa gambar nu aya patalina jeung guar bumi, boh ti mimiti properti nepi ka paripolah manusa nu kalibet dina ieu upacara.

Anapon léngkah-léngkah nu dilakukeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan, nya éta:

#### 1) Saméméh ka lapangan

- Nganalisis masalah nu aya dilapangan
- Nganalisis data nu aya patalina jeung masalah nu rék ditalungtik
- Nganalisis tempat pikeun dilakukeunana panalungtikan

#### 2) Nalika di lapangan

- Nganalisis masalah nu geus disiapkeun saacana, naha luyu jeung kaayaan
- Niténan jalana upacara tradisi guar bumi
- Ngalakukeun wawancara jeung narasumber
- Ngadokuméntasikeun data ku cara dipotrét jeung dirékam gambar lumangsungna upacara tradisi guar bumi

### 3.6. Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa cara pikeun ngolah data-data anu geus dikumpulkeun ku panalungtik sangkan ngahasilkeun timuan atawa kasimpulan tina panalungtikan anu dilakukeun. Ieu téhnik ngolah data téh sok disebut ogé

téhnik nganalisis data. Kecap analisis miboga harti cara mikir. Jadi, dina analisis mangrupa hal anu bangga pikeun panalungtik.

Numutkeun Bogdan (Sugiyono, 2012:334), analisis data nya éta prosés néangan jeung nyusu data anu geus kakumpul tina hasil wawancara sacara sistematis, catetan nalika di lapangan, jeung bahan-bahan lianna, sangkan bisa dipikapaham, sarta timuan/hasil panalungtikanana bisa ditepikeun ka jalma lian. Ku kituna, sabada bérés ti lapangan panalungtik mimiti museurkeun uteuk pikeun nganalisis data anu geus dikumpulkeun saméméhna. Anapon léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) Data-data anu geus ngumpul dipariksa sarta dipilah-pilah. Terus dianalisis naha éta data-data nu geus dikumpulkeun téh lengkep atawa henteu, saluyu jeung nu dipikabutuh atawa henteu.
- 2) Ngaklasifikasikeun data. Maksudna, milah-milah data anu geus ngumpul disaluyukeun jeung bagian-bagianana.
- 3) Ngadéskripsikeun data anu geus dianalisis
- 4) Ngaimplikasikeun kana pangajaran maca ku cara dijieun artikel tina hasil analisis data
- 5) Nyusun silabus jeung RPP dumasar kana SK-KD
- 6) Nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan